

Plis enfòmasyon ak èd.

New York State Department of Health

health.ny.gov/diseases/aids/publications

Liy dirèk HIV/AIDS New York State (nimewo pou rele gratis)

Anglè: 1-800-541-AIDS

Panyòl: 1-800-233-SIDA

TDD: 1-800-369-2437

Moun ki fè koutfil vokal yo kapab itilize

Sistèm Relè New York la 711 ou

1-800-421-1220

epi mande operatè a pou li rele

1-800-541-2437

NYSDOH Anonymous HIV Counseling and Testing Program (Pwogram Terapi-Konsèy ak Tès Anonim VIH nan NYSDOH)

Pou jwenn plis enfòmasyon sou VIH, referans, oswa enfòmasyon sou kòman ou kapab jwenn yon tès VIH ki gratis ak anonim. rele Pwogram Konsèy-Terapi ak Tès Anonim VIH la.

Zòn Albany: 1-800-962-5065

Zòn Buffalo: 1-800-962-5064

Zòn Lower Long Island (Suffolk/Nassau):
1-800-462-6786

Zòn Lower Hudson Valley:
1-800-828-0064

Zòn Rochester: 1-800-962-5063; TDD:
1-585-423-8120

Zòn Syracuse: 1-800-562-9423

Vil New York: 311 pou jwenn enfòmasyon sou klinik maladi moun pran nan fè sèks DOHMH yo

Plis enfòmasyon ak èd.

Liy Dirèk New York City HIV/AIDS

1-800-TALK-HIV (825-5448)

National Centers for Disease Control (Sant

Nasyonal pou Kontwòl Maladi) Liy Dirèk

Maladi moun pran nan fè sèks:

Angle/Panyòl 1-800-232-4636, TTY

1-888-232-6348

Liy Dirèk pou Terapi-Konsèy VIH/SIDA

New York State

1-800-872-2777

New York State Partner Services (Sèvis

Asosye Eta New York):

1-800-541-AIDS

New York City Contact Notification

Assistance Program (Pwogram Asistans

Notifikasyon Kontak Vil New York):

1-212-693-1419

Konfidansyalite

Liy Dirèk Konfidansyalite New York State:

1-800-962-5065

Legal Action Center (Sant Aksyon Jiridik):

1-212-243-1313 ou 1-800-223-4044

NAP FÈ TÈSLA

Klinik sa a ofri tès VIH pou tout pasyan ki gen 13 zan oswa plis pou li kapab respekte lwa konsènan bon pratik medikal ak sante piblik.

Tès Laboratwa Woutin

✓	Glikoz
✓	Kolestewòl
✓	Tès pou VIH
✓	Egzamen Ematologjik Konplè
✓	Pwofil Lipid



9859 (Haitian-Creole)

Department
of Health

7/17

**Pi Move ka VIH: lè ou pa konnen ou si ou genyen li.
Lè ou fè tès ou gen plis kontwòl.**

hivtestny.org, Health.ny.gov/aids, NYC.gov/health

Enfòmasyon enpòtan ou sipoze konnen avan ou pran yon Tès pou VIH.

- Se sèlman si ou vle w ap bezwen pran yon tès VIH epi rezulta yo ap rete konfidansyèl (sekrè).
- VIH ka simaye nan fè sèks san pwoteksyon, pataje sereng, akouchman, oswa lè yon manman bay pitit li tete.
- Tretman pou VIH mache byen, pa gen anpil efè segondè oswa pa gen ditou, epi ou ka jis bezwen pran yon grenn pa jou.
- Moun ki nan relasyon yo kapab kenbe youn ak lòt an sekirite lè yo konnen si yo gen VIH oswa si yo pa enfekte ak lè yo resevwa tretman pou VIH oswa yo pran pwofilaksi avan kontak (pre-exposure prophylaxis, PrEP) ak VIH. Lè ou pa pataje sereng epi ou pran plis prekosyon lè w ap fè sèks, sa pral pwoteje ou pou pa enfekte ak VIH, epatit C ak lòt maladi moun pran nan fè sèks.
- Li ilegal pou fè diskriminasyon kont yon moun paske li gen VIH.
- Tès VIH anonim (san ou pa bay non ou) disponib nan sèten sit tès piblik.
- Tès VIH se yon pati woutin nan swen sante men ou gen dwa pou konteste oswa refize fè tès pou VIH.
- Si ou vle refize fè tès VIH, di pwofesyonèl swen sante ou sa.

Tès pou VIH espesyalman enpòtan pou fanm ansent yo.

- Yon fanm ki gen VIH ka transmèt viris la bay pitit li pandan li ansent, pandan l ap akouche, oswa nan tete.
- L ap pi bon si ou konnen si ou gen VIH owa si ou pa enfekte avan ou ansent oswa bonè nan gwochès la pou w ka pran desizyon enpòtan sou pwòp sante ou ak sante bebe ou.
- Yo fè tès VIH la bonè jan sa posib pandan gwochès ou epi yon lòt fwa ankò pandan twazyèm trimès la, avèk konsantman pasyan an.
- Si w ansent epi ou enfekte ak VIH, gen tretman ki disponib pou pwòp sante w ak pou anpeche ou simaye VIH la bay tibebe w la.
- Si w gen VIH epi ou pa resevwa tretman, chans pou w bay pitit ou a VIH se youn (1) sou kat (4). Si ou resevwa tretman, chans pou w bay pitit ou a VIH bese anpil.
- Si w pa teste pandan gwochès la, pwofesyonèl swen sante ou ap rekòmande tès la lè ou gen tranche. Nan tout ka, n ap teste tibebe ou a apre li fèt. Si tès ti bebe w la pozitif, sa vle di ke ou gen VIH epi bebe w la te pran kontak ak viris la.

**Pale avèk
pwofesyonèl
swen sante ou
sou kijan ak kilè
w ap resevwa
rezulta tès VIH la.**

**Lwa Eta a pwoteje
konfidansyalite
(vi prive) rezulta tès
VIH ou yo.
Epi tou li pwoteje
ou kont
diskriminasyon si
ou enfekte ak VIH.**